

Sant Rekiperasyon Dezas ap ouvè pou Senk Jou Vero Beach

Release Date: October 17, 2017

ORLANDO, Fla. – Yon Sant Rekiperasyon Dezas (DRC) ap ouvè Mèkredi 18 Oktòb pou senk jou nan Vero Beach pou ede sivivan tanpèt Florid yo. Lè fonksyonman DRC a se 8 a.m. pou rive 8 p.m. jiska fèmte nan dimanch 22 Oktòb.

Sant Rekiperasyon Dezas la ofri sipò an-pèson pou moun ak ti biznis yo. Espesyalis Rekiperasyon yo soti nan Administrasyon Jesyon Ijans Federal (FEMA), Administrasyon Ti Biznis nan Etazini [U.S. Small Business Administration (SBA)], ak Eta disponib pou bay asistans a nenpòt moun nan ranpli aplikasyon oswa mete estati yo ajou. Óganizasyon volontè yo disponib e yo ofri yon varyete sèvis pou ede sivivan yo rekipere.

DRC a nan adrès ki annaprè a:

Vero Beach (Indian River County) Indian River County Brackett Library

6155 College Lane

Vero Beach, FL 32966

Èdtan: 8 a.m. rive 8 p.m.

LOKAL SA AP FÈMEN NAN DAT

22 OKTÓB

Kòm plis sant ap ouvè, ou ka lokalize youn toupre w nan <https://www.fema.gov/disaster-recovery-centers> oswa lè ou rele Liy èd FEMA nan 800-621-3362, (TTY) 800-462-7585. Nimewo liy èd yo ouvè apati **7 a.m. pou rive 11 p.m., sèt jou pa semèn.** Enfòmasyon sou DRC yo disponib sou [FEMA App.](#)



FEMA

Page 1 of 3

Pwosesis enskripsyon an se premye etap nan rekiperasyon an e li egzije enfòmasyon tankou kontra asirans, ak enfòmasyon labank pou posib transfè lajan dirèk. Nou ankouraje sivivan yo pou enskri anvan yo vizite yon DRC.

Administrasyon Ti Biznis nan Etazini (SBA) ofri prè federal pou dezaz ki a fèb enterè pou mèt kay yo, lokatè ak biznis tout gwosè. SBA se prensipal sous lajan prensipal gouvènman federal pou rekonstriksyon alontèm pwopriyete dezaz la andomaje.

Si ou gen telefòn ak/oswa aksè entènèt, ou ka enskri nan youn nan fason ki annaprè yo:

- Sou entènèt nan DisasterAssistance.gov.
- Rele liy Èd FEMA nan **800-621-3362** pou vwa, 711 ak Sèvis Relè Videyo (VRS). Si ou soud, gen difikilte pou tande, oswa si ou gen yon pwoblèm pou pale e ou itilize yon TTY, rele 800-462-7585.
- Enfòmasyon sou pwosesis enskripsyon an disponib nan ASL nan: fema.gov/medialibrary/assets/videos/111546.
- Èd disponib nan pifò lang yo.
- Telechaje [FEMA Mobile App](#) epi aplike.

Ou ka gen lòt bezwen pandan wap vizite yon DRC:

- Si ou gen yon andikap e ou bezwen akomodasyon rezonabl, tanpri wè avèk yon manadjè DRC lè ou rive.
- Yo ofri tradiksyon lang grasa sèvis Entèpretasyon nan Telefòn nan 200 lang.

Ekip Asistans pou Sivivan Dezaz (DSA) ap mache nan zòn ki afekte yo e yo ka fè enskripsyon pou sivivan yo pou asistans FEMA, si nesèsè. Sèvis Entèpretasyon nan Telefòn disponib nan anpil lang pou ede sivivan yo avèk bezwen lang yo. Lè rezidan yo bezwen plis asistans, ekip yo ka refere yo nan yon DRC.

Si w deja enskri, li pa nesèsè pou vizite yon DRC, men ou ka toujou vle ale pou pale avèk yon Espesyalis Rekiperasyon pou mete estati w ajou oswa jwenn èd nan men lòt òganizasyon yo.

Ou pa bezwen repeye sibvansyon FEMA. Pa gen taks sou Èd FEMA e li pa pral afekte elijiblite w pou benefis Sekirite Sosyal, Medicaid oswa lòt benefis federal.



FEMA

Page 2 of 3

Sivivan yo ta dwe enskri menmsi yo gen asirans. FEMA pa ka double lajan asirans lan, men aplikan ki manke asire yo ka resevwa èd apre reklamasyon yo fin regle.

Pou w jwenn plis enfòmasyon sou rekiperasyon, vizite www.FEMA.gov/IrmaFL, oswa swiv nou [@FEMARegion4 on Twitter](https://twitter.com/FEMARegion4) ak sou [FEMA's Facebook page](#).

###

Misyon FEMA se pou sipòte sitwayen nou yo ansanm avèk sekouris yo pou asire ke antanke yon peyi nou travay ansanm pou bati, soutni ak amelyore kapasite nou pou prepare pou, pwoteje kont, reponn a, rekipere nan, ak diminye tout danje yo.

Asistans pou rekipere nan Katastwòf disponib san konte sou ras, koulè, relijyon, nasyonalite, sèks, laj, andikap, Konpetans Angle oswa estati ekonomik. Si oumenm oswa yon moun ou konnen te sibi diskriminasyon, rele liy telefòn gratis FEMA nan 800-621-FEMA (3362). Pou TTY rele 800-462-7585.

Asistans lojman tanporè FEMA ak sibvansyon pou depans transpò piblik, depans medikal ak dantè, ak depans pou fineray ak antèman pa egzije pou moun nan aplike pou yon prè SBA. Toutfwa, aplikan yo ki resevwa aplikasyon prè SBA dwe soumèt yo a yon ofisyè prè SBA pou yo ka kalifye pou asistans ki kouvri pwopriyete pèsònèl, reparasyon veyikil oswa ranplasman, ak depans pou demenaje ak estoraj.

###



FEMA

Page 3 of 3